



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 5 out 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MODÈNIZASYON DEWITT CLINTON HOTEL ISTORIK POU KREYE PLIS PASE
200 DJÒB EPI POU SIPÒTE KWASANS EKONOMIK NAN CAPITAL REGION**

Pwojè a pral modènize bilding ki la depi 86 ane pandan l ap konsève eleman istorik otèl orijinal la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse DeWitt Clinton Hotel ki anba-lavil Albany, ki te rete vid pandan plizyè ane, pral modènize pou bay sèvis konplè, pou vin yon Renaissance Marriott Hotel k ap gen 204 chanm. Pwojè re-devlopman k ap koute \$48 milyon dola, ki toupre Kapitòl Eta a, pral bay yon sipò ekonomik pou anba-lavil la, pou sipòte investisman ak kreyasyon djòb nan Koridò State Street. Yo prevwa pwojè a pral bay plis pase 200 djòb nan konstwiksyon ak nan ospitalite.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Anba patenarya piblik-prive sa a, n ap transfòme yon pwopriyete ki vid depi lontan an yon motè kwasans ekonomik nan Capital Region. Pwojè sa a pral ede kreye plis pase 200 djòb epi l ap kontinye efò n ap fè pou lanse Anba-Lavil Albany. Nouvo otèl la pral yon gwo resous nan atire vizitè ak nouvo investisman nan Capital Region, sitou lè Leta ap travay pou ogmante touris ak pote nouvo biznis nan Pati Nò New York.”

Empire State Development (ESD), ajans prensipal devlopman ekonomik Eta a, te deziyen \$4 milyon dola nan finansman nan Upstate Regional Blueprint Fund (Fon Pwojè Rejyonal Pati Nò Vil la), pou sipòte pwojè sa a.

Prezidan, Direktè Jeneral ak Manm Komisyon ESD, Kenneth Adams, di konsa, “Modènizasyon ansyen DeWitt Clinton Hotel ap ogmante efò lansman ki deja ap fèt nan State Street, epi l ap pèmèt moniman vil ane 1920 vil sa a, ki te rete vid pandan plizyè ane, briye yon fwa ankò. Avèk yon nouvo bilding solid ak premye klas ki anplas, Renaissance Marriott ap sètènman gen yon gwo enpak ekonomik sou rejyon an, pou ankouraje investisman siplemantè ak anpil djòb epitou pou atire plis vizitè nan anba-lavil Albany.”

Majistra Vil Albany, Gerald Jennings, di konsa, “Pwojè Dewitt Clinton pral bay nouvo lavi pou yon pwopriyete istorik sou youn nan lari ki pi enpòtan nan Capital Region. Devlopman enteresan sa a pral non sèlman bay vizitè nan Anba-Lavil Albany yon lòt chwa pou lojman premye klas ki toupre Kapitòl la, men tou l ap bay bon kalite opòtinite pou karyè nan endistri ospitalite a pou sitwayen lokal nou yo.”

Haitian Creole

Renaissance Albany pral gen sansayon yon otèl-boutik, epi l ap gen ladan premye lòbi orijinal bilding nan. Renaissance, ki nan ang State Street ak Eagle Street, pral ofri espas pou rankont entim pou evènman prive, 204 chanm, yon restoran sèvis konplè k ap louvri pou piblik la, yon salon ak kafe. Se pral premye fwa rejyon an te gen yon Renaissance Marriott Hotel sèvis konplè.

Prezidan Capitalize Albany Corporation ak Manm Komisyon Devlopman ak Planifikasyon, Mike Yevoli, di konsa, “Modènizasyon pwopriyete enpòtan sa a ki anlè State Street se yon pwochen etap enpòtan pou kontinyasyon lansman Anba-Lavil Albany. Nou te wè yon kokennchenn agrandisman nan endistri ospitalite a nan Anba-Lavil la sou dènye 10 zan yo kòm enterè nan Albany, sitou Anba-Lavil la, te kontinye grandi. Investisman prive tankou sa yo, avèk èd sipò sektè piblik la, pral fè moun yo kontinye retounen nan Vil nou an.”

Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, di konsa, “Devlopman sa a pral gen yon enpak ekonomik pozitif sou anba-lavil Albany epi l ap pote vitalite pou Konte Albany. N ap kontinye travay pou atire mak prensipal tankou Renaissance nan Konte nou an. Mwen espere wè nouvo lavi enjekte nan bèl bilding sa a epitou mwen felisite tout moun ki konsène epi ki te fè sa posib.”

Joseph Nicolla, Prezidan Columbia Development Companies, di konsa, “Columbia Development Companies vin gen yon repitasyon pou pran pwojè serye epi pou gen siksè kote lòt yo pa t kapab. Apre dènye anons nou an depi kèk semèn k ap transfòme pwopriyete ki abandone depi lontan nan Wellington Row, anons jodi a kontinye konfimasyon ki montre State Street se fondasyon ekonomik, komèsyal ak rezidansyèl pou anba-lavil Albany. Nou kontan anpil pou travay avèk dirijan lokal yo pou kontinye modènize moniman abandone vil la, epi pou rete konekte pou plis anons enteresan konsènan Upper State Street ‘Renaissance.’”

Steve Obermayer, Prezidan BBL Hospitality, di konsa, “Ekip nou an nan BBL Hospitality kontan anpil pou akeyi Renaissance, yon otèl nasyonal kalite siperyè nan Capital Region pou premye fwa. Lòt vil tankou Vil New York ak Boston te wè modèl modènizasyon otèl istorik Renaissance kreye yon eksitasyon diferan ki asosye otèl yo avèk vil kote yo a. Nan patenarya anvan nou yo avèk mak Marriott, nou kwè Renaissance se yon adaptasyon ideyal pou Albany, epi l ap bay yon eksperyans moun pa t janm wè isit la anvan.”

DeWitt Clinton Hotel ki bati nan ane 1927 te pote non ansyen Gouvènè Eta New York. Menmsi operasyon otèl la te sispann nan ane 1975, nan dènye plizyè ane yo, gouvènman eta a ak gouvènman lokal ak sektè prive a te travay men-nan-men pou lanse DeWitt Clinton kòm yon operasyon otèl.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418